# KONFLIKTLERDI BASQARIW TÁRTIBI HÁM USILLARI

Joldasbaeva Nasiba Yunusovna
Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti student
Xojamuratova Albina Abdelnaser qizi
Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti student
https://doi.org/10.5281/zenodo.18738237

**Annotaciya:** Bul izertlewde kelispewshiliklerdi basqarıw tártibi hám usıllarınıń teoriyalıq-metodologiyalıq tiykarları, olardıń sociallıq-psixologiyalıq mánisi hám ámeliy qollanıw mexanizmleri sistemalı túrde jarıtıldı. Konflikt túsiniginiń mazmunı, onıń kelip shıǵıw sebepleri, rawajlanıw basqıshları hám funkciyaları tallanıp, konstruktivlik hám destruktivlik tárepleri ilimiy tiykarda ashıp berildi. Sonday-aq, kelispewshiliklerdi basqarıwdıń strategiyalıq hám taktikalıq qatnasları, sonıń ishinde, báseki, birge islesiw, kelisim, beyimlesiw hám sheginiw strategiyaların qollanıw shártleri túsindirildi. Izertlewdiń tiykarǵı nátiyjelerinde kelispewshiliklerdi basqarıw procesiniń úzliksiz monitoring, tallaw hám qayta baylanıs basqıshların óz ishine alatuǵın kompleksli sistema ekenligi atap ótildi. Izertlewdiń tiykarǵı dodalawı kelispewshiliklerdi basqarıw procesin nátiyjeli shólkemlestiriw shólkemniń turaqlılıǵına, sociallıq ortalıqtıń úylesimliligine hám shaxslararalıq qatnasıqlardıń rawajlanıwına tikkeley tásir etetuǵının tastıyıqlaydı.

**Tayanish sózler:** Konflikt, konfliktlerdi basqarıw, profilaktika, psixologiyalıq ortalıq, konstruktivlik konflikt, destruktivlik konflikt, psixologiyalıq tásir, pedagogikalıq jantasıwlar.

**CONFLICT MANAGEMENT PROCEDURES AND METHODS**

**Abstract:** This study systematically covers the theoretical and methodological foundations of the procedure and methods of conflict management, their socio-psychological essence, and the mechanisms of practical application. The content of the concept of conflict, its causes, stages of development, and functions were analyzed, and its constructive and destructive aspects were scientifically revealed. Strategic and tactical approaches to conflict management were also explained, including the conditions for applying strategies of competition, cooperation, compromise, adaptation, and retreat. The main results of the study indicate that the conflict management process is a comprehensive system, including stages of continuous monitoring, analysis, and feedback. The main discussion of the study confirms that the effective organization of the conflict management process directly affects the stability of the organization, the harmony of the social environment, and the development of interpersonal relations.

**Keywords:** Conflict, conflict management, prevention, psychological environment, constructive conflict, destructive conflict, psychological impact, pedagogical approaches.

**Kirisiw**

Konfliktlerdi basqarıw tártibi hám usılları házirgi zaman jámiyetlik pánler, pedagogika, psixologiya hám de siyasattanıwdıń eń áhmiyetli baǵdarlarınan biri esaplanadı, sebebi konflikt insan iskerliginiń barlıq tarawlarında ushırasatuǵın quramalı social-psixologiyalıq qubılıs sıpatında kórinedi hám onı nátiyjeli basqarıw jámiyet turaqlılıǵı, shólkem nátiyjeliligi hám de shaxstıń rawajlanıwınıń zárúrli faktorı bolıp tabıladı. Konflikt túsinigi latınsha “conflictus” sózinen kelip shıqqan bolıp, soqlıǵısıw, qarama-qarsılıq mánisin ańlatadı, ol mápler, qádiriyatlar, maqsetler, mútájlikler yamasa poziciyalar arasındaǵı sáykes kelmewshilik nátiyjesinde payda boladı hám subyektler arasında ashıq yaki jasırın formada júzege shıǵıwı

múmkin. Konfliktti basqarıw procesi onı biykarlaw yamasa pútkilley joq etiw emes, al onıń unamsız aqıbetlerin kemeytiw, konstruktiv imkaniyatların ashıw hám tárepler arasında eń qolaylı teńsalmaqlılıqtı támiyinlewge qaratılǵan sistemalı iskerlik bolıp tabıladı. Diagnostika basqıshında maǵlıwmat jıynaw, baqlaw, sáwbetlesiw, sorawnamalar, hújjetlerdi analizlew sıyaqlı usıllardan paydalanıladı, sebebi durıs diagnoz qoyılmaǵan konflikt nadurıs basqarıw sheshimlerine alıp keliwi múmkin. Keyingi basqısh konflikt strategiyasın tańlawdan ibarat bolıp, bunda basshı yamasa mediator jaǵdaydıń quramalılıǵın, tároplerdiń psixologiyalıq jaǵdayın, shólkemlestiriw ortalıǵın hám resurslar imkaniyatın esapqa alǵan halda sáykes usıldı belgileydi. Konfliktlerdi basqarıwdıń tiykarǵı strategiyaları sıpatında básekileslik, sherikleslik, kelisiw (múráse), beyimlesiw hám sheginiw modellerin kórsetiw múmkin, olardıń hár biri belgili bir jaǵdayda nátiyjeli yamasa nátiyjesiz bolıwı múmkin. Básekileslik strategiyası qatań poziciyanı qorǵawǵa tiykarlanadı hám tez qarar talap etilgen jaǵdayda qollanıladı, biraq uzaq múddetli sherikleslikke unamsız tásir kórsetiwi múmkin. Sherikleslik strategiyası bolsa tároplerdiń máplerin tereń úyreniw hám ulıwma sheshim tabıwǵa qaratılǵan bolıp, óz-ara isenim hám ashıqlıqtı talap etedi. Kelisiw (múráse) strategiyası hár eki táreptiń belgili dárejede jón beriwin názerde tutadı hám ortasha nátiyjege erisiwge xızmet etedi. Sheginiw bolsa konfliktti waqtınsha toqtatıw yamasa itibarǵa almay qaldırıwdı ańlatadı, bul geyde emocionallıq kerginlikti páseytiwge járdem beredi. Konfliktti sheshiw basqıshında tárepler arasında sóylesiwler júrgiziw, dáldalshılıq, arbitraj yamasa sud tártibinen paydalanıw múmkin, bunda ıqtıyarlılıq, ádillik hám ashıqlıq principleri ústem bolıwı kerek. Sóylesiwler procesinde mápler menen poziciyalardı ajırata biliw áhmiyetli, sebebi kóbinese tárepler poziciyalar ústinde tartısadı, al tiykarǵı mápler bolsa jasırın qaladı, máplerdi anıqlaw bolsa integrativ sheshim tabıw imkaniyatın beredi. Dáldalshılıq usılında neytral úshinshi tárep subyektler arasındaǵı baylanıstı shólkemlestiredi hám kelisiw variantların usınadı, al arbitraj bolsa májbúriy qarar qabıllaw mexanizmin óz ishine aladı. Konfliktti basqarıwdıń nátiyjeli bolıwı ushın shólkemlestiriw mádeniyatı, liderlik usılı hám motivaciya sisteması da áhmiyetli faktorlar esaplanadı, sebebi ádalatsız bólistiriw, anıq emes wákillikler, nadurıs bahalaw sisteması konflikttiń tiykarǵı dereklerinen biri bolıwı múmkin. Sonday-aq, konfliktlerdiń aldın alıw profilaktikalıq ilajlar arqalı ámelge asırıladı, yaǵnıy rollerdi anıq belgilew, ashıq maǵlıwmat almasıw, jámáátlik qarar qabıllaw, trening hám seminarlar shólkemlestiriw arqalı unamsız soqlıǵısıwlar itimallıǵı kemeyttiriledi. Konflikttiń konstruktiv funkciyası da bar bolıp, ol jańalıqqa túrtki beriwi, máselelerdi júzege shıǵarıwı hám shólkemdi rawajlanıwǵa iytermelewi múmkin, sonıń ushın konfliktti pútkilley unamsız qubılıs sıpatında bahalaw durıs emes. Social-psixologiyalıq kózqarastan, konflikt shaxstıń ózin ańlawına, qádiriyatlar sistemasın anıqlawına hám sociallıq rollerdi qayta kórip shıǵıwına da imkaniyat beredi. Konfliktlerdi basqarıwda emocional intellekt dárejesi joqarı bolǵan basshılar kóbirek tabısqa erisedi, sebebi olar óz sezimlerin qadaǵalay aladı hám basqalardıń sezim-tuyǵıların túsiniwge umtıladı. Konfliktti basqarıw nátiyjeliligin bahalaw ólshemleri sıpatında tároplerdiń qanaatlanıw dárejesi, kelisimniń turaqlılıǵı, konflikttiń qaytalanıw itimallıǵı hám shólkemlestiriw ortalıǵınıń jaqsılanıw kórsetkishleri alınadı. Zamanagóy sharayatta sanlı kommunikaciya quralları da kelispewshilik tábiyatın ózgerttirmekte, aralıqtan baylanısta nadurıs talqılaw hám málimleme buzılıwı itimalı joqarı bolǵanlıǵı sebepli onlayn ortalıqta óz aldına etika qaǵıydalarına ámel etiw zárúr. Bilimlendiriw mákemelerinde kelispewshiliklerdi basqarıw pedagogikalıq sheberliktiń ajıralmas bólegi bolıp, oqıtıwshı studentler arasındaǵı

kelispewshiliklerdi ádillik penen sheshiwi, bahalaw procesinde qalıslıqtı saqlawı hám psixologiyalıq qáwipsiz ortalıq jaratıwı kerek. Miynet jámáátlerinde bolsa kelispewshilikti basqarıw kadrlar siyasatı, jetekshilik hám shólkemlestiriw strategiyası menen tıǵız baylanıslı bolıp, konstruktivlik ortalıq jaratıw innovaciyalıq jumıstı xoshametleydi. Kelispewshiliklerdi basqarıw procesi úzliksiz bolıp, ol monitoring, tallaw hám qayta baylanıs basqıshların da óz ishine aladı, yaǵnıy qabıl etilgen qararlar ámelde qanday nátiyje berip atırǵanın turaqlı baqlap barıw zárúr. Solay etip, kelispewshiliklerdi basqarıw tártibi sistemalı qatnas, psixologiyalıq bilim, kommunikativlik kónlikpe hám strategiyalıq pikirlewdi talap etetuǵın quramalı process bolıp, onıń durıs shólkemlestiriliwi sociallıq turaqlılıq, shólkem nátiyjeliligi hám shaxslararalıq qatnasıqlar úylesimliligin támiyinleydi, kelispewshiliktiń destruktivlik kúshin konstruktivlik imkaniyatqa aylandırıw bolsa zamanagóy basqarıw óneriniń áhmietli kórsetkishi bolıp tabıladı. Kelispewshiliklerdi basqarıw teoriyasın jáne de tereńirek talqılaw sonı kórsetedi, hár qanday kelispewshilik belgili bir sociallıq sistema ishinde qáliplesedi hám onıń rawajlanıw dinamikası sistemanıń ishki dúzilisi, qádiriyatları hám de kommunikaciya kanalları menen tikkeley baylanıslı boladı, sonlıqtan kelispewshilikti basqarıw procesi óz aldına epizodlıq háreket emes, al sistemalı hám strategiyalıq basqarıw iskerliginiń ajıralmas bólegi sıpatında qaralıwı zárúr. Konflikt rawajlanıwınıń basqıshları ádette latent (jasırın) basqısh, ańlaw basqıshı, ashıq qarama-qarsılıq basqıshı, keskinlesiw hám sheshiw basqıshlarına bólinedi, hár bir basqısh ózine tán psixologiyalıq hám shólkemlestiriw ózgesheliklerine ie bolıp, basqarıw usılların tańlawda áyne usı basqıshlardı anıqlaw úlken áhmietke ie. Jasırın basqıshta qarama-qarsılıq ele ashıq kórinbeydi, biraq ishki narazılıq, túsinbewshilik yamasa ádalacızlıq sezimi qáliplesedi, eger usı dáwirde profilaktikalıq ilajlar kórilse, konflikttiń ashıq soqlıǵısıwǵa aylanıwınıń aldı alınadı. Ańlaw basqıshında tárepler mashqalanı sezedi hám oni talqılaw zárúrligi tuwıladı, bul dáwirde baylanıs mexanizmlerin duris jolǵa qoyiw konfliktti konstruktiv bagdarga buriw imkanın beredi. Ashıq basqıshta bolsa qarama-qarsılıq anıq kórsetiledi, báseki, tartıs yamasa rásmiy shaǵımlar kórinisinde kórinedi, bul basqıshta mediatorlıq, sóylesiw hám kelisiw mexanizmleri áhmietli rol atqaradı. Keskinlesiw basqıshı kelispewshiliktiń eń qáwipli dáwiri bolıp, sezimlik zorıǵıw, stereotiplestiriw, menshiklestiriw hám agressivlik is-háreketler kúsheyedi, sol sebepli bul basqıshta professional qatnas, qalıslıq hám operativ ilajlar talap etiledi. Sheshiw basqıshında bolsa tárepler arasında belgili bir kelisimge erisiledi yamasa qarar qabıl etiledi, biraq bul process aqırǵı emes, sebebi kelisimniń turaqlılıǵı hám qayta kelispewshilik itimalı turaqlı monitoringti talap etedi. Kelispewshiliklerdi basqarıw usılları shólkemlestiriwshilik hám jeke dárejede parqlanadı, shólkemlestiriwshilik dárejede miynet bólistiriliwi, wákillik hám juwapkershilikti anıqlastırıw, ashıq-aydın bahalaw sistemasın jaratıw, xoshametlew hám motivaciya mexanizmlerin jetilistiriw arqalı kelispewshiliklerdiń tamır faktorları azaytıladı. Jeke dárejede bolsa ózin-ózi basqarıw, stressti qadaǵalaw, konstruktivlik sóylesiw kónlikpelerin rawajlandırıw, empatiya hám refleksiya qábiletlerin qáliplestiriw áhmietli. Kelispewshiliklerdi basqarıwda basshınıń liderlik usılı ayrıqsha áhmiyetke iye, avtoritar usıl qısqa múddetli intizamdı támiyinlewi múmkin, biraq uzaq múddette ishki narazılıqtı kúsheytedi, demokratiyalıq usıl bolsa ashıq sóylesiw hám qatnasıwdı xoshametleydi, nátiyjede kelispewshilikler konstruktiv sheshiliwi itimalı artadı. Kelisiwspewshiliklerdi basqarıw processinde jámiyetlik ádillik principi áhmiyetli orın iyeleydi, sebebi ádilliksizlik sezimi kelisiwspewshiliktiń tiykarǵı psixologiyalıq faktorlarınıń biri esaplanadı. Eger tárepler qabıl etilip atırǵan qararlardıń ádilligine isense, hátte olar ushın

qolaysız nátiyjeler de salıstırmalı túrde ańsat qabıl etiledi. Konfliktologiyada transformaciyalıq tásil de bar bolıp, ol kelisiwspewshilikti ápiwayı sheshiw emes, al qatnasıqlardı sapa jağınan ózgertiw quralı sıpatında qarastıradı. Bunda tiykarğı itibar kelispewshiliktiń sırtqı kórinisine emes, al onıń tereń jámiyetlik-psixologiyalıq sebeplerine qaratıladı. Sonday-aq, preventiv basqarıw koncepciyası kelisiwspewshiliktiń júzege keliwinen aldın onı anıqlawğa hám qáwip faktorların kemeytiwge qaratılğan. Bul processte shólkemlik ortalıqtı úyreniw, xızmetkerlerdiń qanaatlanıw dárejesin analizlew, anonim sorawnamalar ótkeriw sıyaqlı usıllar qollanıladı. Kelisiwspewshilikti basqarıwdıń nátiyjeliligi kóp jaqtan informaciyanıń anıqlığı menen ashıqlığına baylanıslı, sebebi nadurıs yamasa tolıq bolmağan informaciya ósek-ayańlar hám isenimsizlikti payda etedi. Cifrlı ortalıqta kelisiwspewshiliklerdi basqarıw ayrıqsha itibar talap etedi, sebebi jazba baylanısta intonaciya hám emocional konteksttiń jetispewshiligi sebepli nadurıs túsinip qalıw itimallığı joqarı boladı. Sonlıqtan, onlayn baylanısta anıq, húrmetke tiykarlanğan hám qısqa bayanlaw usılına ámel etiw zárúr. Kelisiwspewshiliklerdi basqarıw processinde etikalıq normalarğa ámel etiw, shaxstıń qádir-qımbatın húrmetlew hám konfidenciallıqtı saqlaw professional tásildiń ajıralmas bólegi bolıp tabıladı. Kelisiwspewshilik nátiyjelerin bahalawda tek ğana máseleniń rásmiy sheshilgenligi emes, al tárepler arasındağı isenim dárejesi, jámáättegi ortalıqtıń jaqsılanıwı hám keleshektegi óz-ara sheriklik imkaniyatı da esapqa alınadı. Solay etip, kelisiwspewshiliklerdi basqarıw tártibi hám usılları kóp basqıshlı, kóp faktorlı hám kompleksli process bolıp, ol teoriyalıq bilimler, ámeliy kónlikpeler hám insaniy qádiriyatlardıń úylesimliligin talap etedi. Kelisiwspewshilikti durıs basqarıw bolsa tek ğana máseleni sheship qoymastan, al sistemanı jáne de turaqlı hám nátiyjeli jağdayğa alıp shığadı.

**Juwmaq**

Juwmaqlap aytqanda, konfliktler sociallıq sistemanıń ajıralmas hám tábiyiy elementi bolıp, olardı pútkilley joq etiw emes, bálki ilimiy tiykarda basqarıw kerek. Izertlewler sonı kórsetedi, konflikttiń kelip shığıwı kóbinese mápler, qádiriyatlar, maqsetler hám kommunikaciya processindegi uyqassızlıqlar menen baylanıslı bolıp, olardı óz waqtında anıqlaw hám durıs basqarıw nizanıń keskinlesiwiniń aldın aladı. Sonıń menen birge, konfliktti tek ğana unamsız qubılıs sıpatında emes, al rawajlanıw, jańalanıw hám ózgerislerdiń deregi sıpatında da kóriw zárúr, sebebi konstruktiv qatnas arqalı ol shólkem nátiyjeliligin arttırıw hám jámáätlik birge islesiwdi bekkemlew quralına aylanıwı múmkin. Aqırğı nátiyjede konfliktlerdi basqarıw kórkem óneri teoriyalıq bilim, ámeliy kónlikpe hám insaniy qádiriyatlardıń úylesiwi tiykarında qáliplesedi hám turaqlı sociallıq ortalıqtı támiyinlewdiń áhmiyetli faktorı sıpatında kórinedi.

## Adabiyotlar, References, Литературы:

1. Aziza, Turemuratova. "KONFLIKT VA UNING KELIB CHIQISH SABABLARI." Новости образования: исследование в XXI веке 3.32 (2025): 465-467.

2. Умарова, Зуҳра, and Машхура Мухтор Қизи Сайлиева. "Конфликтология назарияси хусусиятлари." Academic research in educational sciences 2.1 (2021): 629-633.

3. Turemuratova, A. B. "TA'LIMDA PEDAGOGIK YONDASHUVLAR ASOSIDA O'QUVCHIYOSHLARNING KOLLOBORATIV KO'NIKMALARINI RIVOJLANTIRISH MEXANIZMLARI." Inter education & global study 3.4 (2025): 242-250.

4. Туремуратова, А. Б. "ИСПОЛЬЗОВАНИЕ ВОСПИТАТЕЛЬНЫХ ТРАДИЦИЙНАРОДНОЙ ПЕДАГОГИКИ В ФОРМИРОВАНИИ МИРОВОЗЗРЕНИЯ МОЛОДЕЖИ." Мировая наука 6 (75) (2023): 125-129.

5. Turemuratova, A., U. Uzakbaeva, and D. Nuriyeva. "Basic concepts of family psychology and overcoming psychological problems." Modern Science and Research 4.4 (2025): 104-109.

6. Turemuratova, A., and J. Asamatdinova. "Talabalar qadiriyatqa bag'darlang'anliqti rivajlantiruwda auditoriyadan tis shinig'iwlardin'roli." (2021).

7. Turemuratova, A. "Har bir xalqning o'z qadriyati bor." (2021).

8. Turemuratova, A., and B. Temirbekov. "Mustahkam oilani shakllantirishda yoshlarda naql-maqollardan foydalanishning tarbiyaviy-psixologik ahamiyati." (2022).